

KISA VETERAN YO TA DWE KONNEN SOU VET-HOME

Kisa VET-HOME ye?

Ekspozisyon Veteran yo – Rezilta sou Sante Ekip Ekspozisyon Militè yo (VET-HOME) se yon pwogram veteran kap sèvi Veteran ki ekspoze nan anviwonman militè yo. Pi gwo priorite l se pou fè evalyasyon rejis telesante ke Kongrè a bay manda pou Veteran yo toupatou nan Etazini.

Kijan mwen ka kontakte VET-HOME?

 **Rele nan liy telefòn gratis:**
833-633-8846 oswa
833-MEE-VTHM

*Peze 1 si ou se yon Veteran
Peze 2 si ou se yon founisè VA*

 **Èdtan:**
9:00a.m. rive 7:30p.m.
lè nan Lès

 **Pòtal VET-HOME:**
vethome.va.gov

Poukisa mwen ta dwe rele VET-HOME?

Rele VET-HOME pou:



Aprann sou [rejis sante anviwònman VA](#) yo (gade paj 2) epi chèche konnen si w kalifye pou patisipe nan youn.



Pwograme yon evalyasyon **GRATIS** nan rejis sante anviwònman telesante ak yon klinisyen VET-HOME si w kalifye.

Kimoun ki kapab itilize VET-HOME?

Nenpòt Veteran ki elijib pou yon evalyasyon rejis sante anviwònman an (gade paj 2) yo ankouraje w pou kontakte VET-HOME.

VET-HOME disponib tou pou ede founisè swen sante VA yo si w gen kesyon oswa enkyetid konsènan ekspozisyon nan anviwònman militè yo.

VA



U.S. Department of Veterans Affairs
Veterans Health Administration



Kijan VET-HOME pral bay yon evalyasyon sou rejis la?

Si w satisfè kritè kalifikasyon pou yon evalyasyon rejis sante anviwònmanal, VET-HOME ap ofri w yon evalyasyon medikal atravè telesante pou adrese nenpòt sentòm oswa enkyetid sante ki kapab gen rapò ak ekspozisyon anviwònman militè yo. Si w bezwen nenpòt lòt evalyasyon apresya, yon klinisyen VET-HOME ap refere w nan etablisman VA ki pi pre w la. VA bay evalyasyon an ak nenpòt tès dyagnostik ki endike klinikman san ou pa peye anyen.

Si w prefere yon evalyasyon an pèsòn nan rejis sante anviwònman an, ou ka pran yon randevou lè w kontakte yon kwòdonatè sante anviwònman ki toupre w.

Kisa evalyasyon rejis sante anviwònman an ye?

Evalyasyon rejis sante anviwònman yo se evalyasyon gratis, volontè pou Veteran ki te deplwaye nan sèten peyi pandan peryòd tan espesifik. Yon evalyasyon rejis gen ladann:

- Yon istwa ekspozisyon
- Atansyon espesyal pou nenpòt sentòm oswa anòmali ki gen rapò ak ekspozisyon anviwònman militè yo
- Yon egzamen fizik oswa revizyon yon egzamen fizik nan dosye

Sant admisyon VET-HOME la kapab pwograme Veteran ki elijib pou yon evalyasyon rejis telesante ak yon klinisyen ki resevwa fòmasyon espesyal nan ekspozisyon anviwònman militè yo. Aprann plis sou rejis sante anviwònman VA yo nan: publichealth.va.gov/exposures/benefits/registry-evaluation.asp.

VA kounye a ofri rejis sante anviwònman sa yo:

- [Rejis Ajan Orange](#)
- [Rejis sou risk ayeryen ak brili ouvè](#)
- [Rejis Gè Gòlf la](#)
- [Rejis radyasyon iyonize](#)
- [Pwogram Swivi diminisyon Iranyòm](#)
- [Sant Siveyans Fragman Toksik Entegre](#)

E si mwen bezwen tretman pou yon pwoblèm ki gen rapò ak sante?

Founisè swen prensipal ou a se pi bon resous ou pou kesyon tretman oswa bezwen medikaman.

Kisa mwen ka atann apre evalyasyon rejis VET HOME mwen an?

Y ap mete yon nòt sou evalyasyon w lan nan dosye sante w. Ou pral resevwa tou yon lèt swivi konsènan vizit ou a. VET-HOME rekòmande pou w fè yon swivi ak founisè swen prensipal ou osijè nenpòt rezilta ki konsène w.

Èske VET-HOME oswa patisipasyon nan evalyasyon rejis la ap ede m resevwa benefis yo?

Toulède evalyasyon VET-HOME ak rejis sante anviwònman an separe de pwosesis benefis yo. Fason ki pi rapid pou jwenn repons sou benefis oswa ranpli yon reklamasyon andikap se pou kontakte VBA dirèkteman. Aprann plis sou benefis yo nan www.va.gov.

Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon sou Entènèt?

Pou plis enfòmasyon, vizite [pajwèb VET-HOME](#).

Pou jwenn enfòmasyon sou ekspozisyon anviwònman militè yo, ale nan publichealth.va.gov/exposures/index.asp.

